दिन—गुरूवार दिनांक—06.06.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन—एनडीए मे नव सरकार गठन के लऽकऽ गतिविधि बढ़ि गेल अछि। एहि बीच आइ भाजपा अध्यक्ष जे.पी. नड्डा नव दिल्ली मे केन्द्रीय मंत्री आओर पार्टीक वरिष्ठ नेता सभक संग बैसक कयलनि। श्री नड्डाक आवास पर भेल ई बैसक मे केन्द्रीय मंत्री अमित शाह, राजनाथ सिंह, पियूष गोयल, प्रह्लाद जोशी, मनसुख मांडविया आओर अश्विनी वैष्णव सहित पार्टीक कतेको पैघ—पैघ नेता सभ छलाह। सुत्र सँ भेटल जनतबक अनुसार बैसार मे नव सरकारक गठन आओर मंत्रीमंडलक स्वरूप के लऽकऽ विचार—विमर्श कयल गेल।

---

एम्हर जदयूक नेता सभ आइ नव दिल्ली मे पार्टी अध्यक्ष आओर मुख्मंत्री नीतीश कुमार सँ भेट—घाट कयलनि। भेटल जनतबक अनुसार ई भेट—घाटक बीच नव सरकारक गठन के लऽकऽ गपशप कयल गेल।

---

जदयू जनौलक अछि जे ओ नव एनडीए सरकार मे मंत्री पद के लऽकऽ कोनो शर्त नहि रखलक अछि। पार्टी प्रवक्ता के.सी. त्यागी आकाशवाणी समाचार सँ गपशप मे जनौलनि जे पार्टी बिहार लेल विशेष दर्जा चाहैत अछि। ओ जनौलनि जे एहि सँ राज्य मे गरीबी, बेरोजगारी आओर पलायनक समस्या पर ध्यान देल जा सकत।एहि लेल बैसक भऽ रहल अछि। दोसर दिस लोक जनशकित पार्टी रामविलासक राष्ट्रीय अध्यक्ष चिराग पासवान सेहो जनौलनि अछि जे एनडीए सरकार मे शामिल होयबाक लेल पार्टी कोनो शर्त नहि रखलक अछि। पत्रकार सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे पार्टी मंत्री पदक मांग नहि कयलक अछि। म़ंत्रीमंडलक विस्तार प्रधानमंत्रीक विशेषाधिकार अछि। ध्यातव्य अछि जे भाजपा अध्यक्ष जे.पी नड्डा आओर केन्द्रीय मंत्री राजनाथ सिंह के सरकार गठनक लेल एनडीए गठबंधन मे सहयोगी दलक संग गपशप करबाक भार देल गेल अछि।

---

एनडीए गठबंधन सँ जुड़ल दलक बीच संसदीय दलक काल्हि नव दिल्ली मे बैसक होयत। एहि मे भाजपा, टी.डी.पी, जदयू, लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास, हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा, शिवसेना–(शिंदे गुट), जनता दल सेक्युलर आओर आनो–आन सहयोगी दलक नव निर्वाचित सांसद सभ रहताह। बैसक मे औपचारिक रूप सँ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के एनडीए संसदीय दलक नेता चुनल जायत। एम्हर, काल्हि नव दिल्ली मे जदयू संसदीय दलक सेहो बैसक होयत। ई बैसक मे जदयू संसदीय दलक नेताक चुनावक संगहि नव सरकारक स्वरूप पर विचार–विमर्श कयल जायत।

---

भाजपाक प्रदेशक अध्यक्ष सम्राट चौधरी जनौलनि अछि जे एनडीए वर्ष दू हजार पचीसक बिहार विधानसभा चुनाव मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्व मे लड़त। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री चौधरी जनौलनि जे नीतीश कुमार बिहार मे एनडीएक नेता छथि। ओ जनौलनि जे वर्ष उनैस सय छियानवे सँ नीतीश कुमार एनडीएक नेतृत्व कऽ रहल छथि। पत्रकार सभक एक प्रश्नक उत्तर मे श्री चौधरी जनौलनि जे बिहार मे एनडीएक स्ट्राईक रेट पचहतरि प्रतिशत रहल। ओ जनौलनि जे जाहि सीट सभ पर एनडीएक उम्मीदवार सभ चुनाव हारलनि अछि ओकर समीक्षा कयल जायत।

---

मिथिलांचल सहित प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे आइ वट–सावित्रिक पूजा–अर्चना श्रद्धापूर्वक कयल गेल। आजुक दिन महिला सभ अपन पतिक नम्हर आयु आओर बढ़िया स्वास्थ्य लेल वट वृक्षक पूजा करैत छथि। हमर संवाददाता सभ जनौलनि अछि जे भोरे सँ महिला सभक भारी भीड़ वट वृक्ष लऽग पूजा–अर्चना लेल देखल गेल।

---

प्रदेश मे पछिला चौबीस घंटाक बीच बेसी क्षेत्र मे अन्हर–बिहारिक संग हल्लुक सँ मध्यम बारिश भेल अछि। हमर संवाददाता सभ जनौलनि अछि जे अन्हर–बिहारि सँ जनमालक सेहो क्षति भेल अछि। पूर्वी चंपाराण जिलाक सुगौली प्रखंडक हमीर खाँ टोल मे गाछ खसला सँ दबि कऽ एक महिलाक मृत्यु भऽ गेलनि, जखनकि सात आन घायल भऽ गेलाह। प्रखंड क्षेत्र मे कतेको नम्हर–नम्हर गाछ खसि पड़ल। ओतहि, सीतामढ़ी जिलाक बोखरा प्रखंडक बुधनगरा आओर महिसौथा पंचायत मे अन्हर–बिहारि सँ कतेको फुसिक घर खसि पड़ल। आमक फसिल के सेहो नोकसान भेल अछि। एम्हर, मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बीच राज्यक बेसी क्षेत्र मे बारिश भऽ सकैत अछि। एहि बीच, अन्हर–बिहारि सेहो चलि सकैत अछि।

---

उत्तर आओर दक्षिण बिहार के जोड़यवला राजेन्द्र पूल पर निर्माण काजक कारण आइ राति दस बजे सँ काल्हि भोर छओ बजे धरि वाहनक आवाजाही बंद रहत।

मुजफ्फपुर जिलाक अहियापुर थानाक बखरी रोड़ मे पुलिस लूटपाट करयवला गिरोहक दू अपराधी के गिरफ्तार कयलक अछि। दुनू अपराधी पुलिस के देखि कऽ पराय लगलाह आओर गोली चलौलक। पुलिसक जवाबी फायरिंग मे दुनू अपराधी के पैर मे गोली लागल अछि।

रोहतास मे जिला स्तरीय खरीफ महोत्सव कर्मशाला सह प्रशिक्षण कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। कृषि विभागक पटना प्रमंडलक संयुक्त निदेशक संतोष कुमार उत्तम किसान सभ के कृषि विभागक कतेको योजनाक जनतब देलनि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।